

Vizite Etablisman Nou yo

Sekirite pasyan nou yo, pèsònèl nou an, ak kominote nou an enpòtan anpil pou nou. Tanpri li politik vizitè nou an avan ou ale nan etablisman nou yo.

Kategori vizitè yo

Vizitè esansyèl yo se vizitè pasyan k ap resevwa swen sante ki nan faz final.

Moun pou soutyen yo gen ladan yo patnè nesans yo, paran/gadyen pasyan ki nan pedyatri yo, avoka pasyan yo, epi moun soutyen ki otorize yo pou pasyan ki gen andikap yo.

Vizitè ki pa esansyèl yo se tout lòt vizitè yo.

Pou vizitè pasyan ki entène yo

Nou fenk chanje politik vizitè nou an **Apati 2 mas, pifò lopital Mass General Brigham kapab akeyi yon kantite vizitè ki limite**. Pifò lopital Mass General Brigham yo otorize pou chak pasyan gen yon sèl vizitè nan yon jounen. Sa a se pou pasyan yo pa izole paske yo sispèk oswa yo konfime ki gen COVID-19 lan nan inite yo ki kapab reponn ak egzijans ki anba la yo.

Tout vizitè ki enterese (esansyèl e ki pa esansyèl yo) ak moun pou soutyen yo ta dwe konsilte sit entènèt etablisman ki konsène a pou yo ka jwenn dènye règleman yo avan menm yo kòmanse vizite.

Tout vizitè ak moun ki pa pou soutyen yo dwe reponn ak **egzijans ki** anba la yo.

- **Brigham and Women's Hospital**
- **Massachusetts General Hospital**
- **Brigham and Women's Faulkner Hospital**
- **Cooley Dickinson Hospital**
- **Martha's Vineyard Hospital**
- **Massachusetts Eye and Ear**
- **McLean Hospital**
- **Nantucket Cottage Hospital**
- **Newton-Wellesley Hospital**
- **North Shore Medical Center**

- **Spaulding Rehabilitation Network**
- **Wentworth-Douglass Hospital**

Pou vizitè pasyan ki pa pasyan ki entène yo

Nan moman sa a, vizitè yo pa otorize pou ale nan zòn konsiltasyon pasyan ki pa pasyan ki entène yo ye (zòn ki rezève pou pasyan ki pa pasyan ki entène nan lopital lan, pa egzant, nan sal ijans lan, sal operasyon oswa pwosedi an, oswa klinik yo).

Gen anpil restriksyon konsènan moun pou soutyen yo. Yo otorize yon moun pou soutyen pou pasyan ki gen andikap ak pasyan ki gen mwens pase 18 lane yo.

Yo dwe apwouve lòt moun pou soutyen avan randevou an. Tanpri rele klinik lan pou yo kapab apwouve ou avan randevou an. Remak: Klinik yo pral fè tout jefò pou yo akeyi moun pou soutyen yo men yo kapab limite yo nan espas la oswa gen lòt kontrent.

Ou kapab vle mande pou gen yon moun pou soutyen pou kèk nan rezon sa yo si ou:

- Gen bezwen èd pou ou konprann enstriksyon yo bay pasyan yo.
- Si ou ap resevwa swen sante faz final.
- Ap resevwa oswa prevwa resevwa swen matènite oswa ou nan pwosesis planin familyal.
- Sòti nan penitansye, epi moun pou soutyen ou an se ajan penitansye a.

Si ou pa kapab jwenn gadri epi bezwen vini ak pitit ou an ki gen mwens pase 18 lane, timoun lan pral blije rantre nan sal egzamen an ak ou. Yo dwe siveye pitit ou yo pandan tout tan an nèt.

Tout moun pou soutyen yo dwe reponn ak **egzijans ki** anba la yo.

Egzijans yo

Tout vizitè yo (esansyèl ak sa ki pa esansyèl yo) epi moun pou soutyen yo

- Yo pral fè tès pou tout vizitè (esansyèl ak sa ki pa esansyèl yo) ak moun pou soutyen yo pou gade si yo gen COVID-19 la (lafyè, tous, souf kout, malgòj, frison, doulè nan misk, oswa pèt gou oswa pran sant yon lòt fwa). Yo p ap otorize okenn moun ki gen sentom. Yo p ap kite vizitè (esansyèl ak sa ki pa esansyèl yo) ansanm ak moun pou soutyen yo ki gen COVID-19 lan rantre. Nan jou vizit lan vizitè (esansyèl ak sa ki pa esansyèl yo) ak moun pou soutyen yo ka itilize zouti Kontwòl Alavans **Mass General**



Brigham lan oswa fè yon tèz fizikman.

- Tout vizitè (esansyèl ak sa ki pa esansyèl yo) ak moun pou soutyen yo [dwe mete yon mask lopital lan bay](#) pandan tout tan yo nan lopital la; mask yo pa itilize lopital la oswa lòt ekipman pwoteksyon pèsònèl yo pa otorize. Tout vizitè (esansyèl ak sa ki pa esansyèl yo) ansanm ak moun pou soutyen yo dwe lave men yo lè y ap rantre nan etablisman an.
- Yo p ap otorize vizitè (esansyèl ak sa ki pa esansyèl yo) ak moun pou soutyen yo si yo wè vizit la gen yon gwo risk kontwòl sanitè pou pasyan yo, vizitè an, oswa apèsònèl lan.

Mizajou 16/3/21

